Ассаламу гӀалайкум!

ЗахӀмат бихьичӀого, рахӀат бокьарас,
БекьичӀого, лъилъе, нилъ гьечӀого хур.
Инхоса ГӀали-ХӀажи

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 21 (7003) 4 май 2026 с. Итни ЗулкъагӀида 1447 с. Багьа - эркенаб


ТЕРРОРАЛДА ДАНДЕЧӀЕЙ

## ХӀинкъигьечӀолъи цӀуниялъул бицана

### АТКялъул заседание тӀобитӀана



**Бакълъул мухъалъул администрациялда тӀобитӀана терроралда дандечӀеялъул комиссиялъул данделъи. Гьеб тадбиралда гӀахьаллъана районалъул бетӀер Гъалип Гъалипов, гьесул заместитель МухтарахӀмад АхӀмадов, районалъул прокурор Юсуп ГӀалиев, муниципалитеталъул жанисел ишазул отделалъул нухмалъулев МухӀамад Нажуев, районалъул терроралда дандечӀеялъул комитеталъул бетӀерав специалист УхӀумагӀали Загьидов ва цогидал комиссиялъул гӀахьалчагӀи.**

Данделъиялда гьоркьор лъун рукӀана Бергьенлъиялъул къо кӀодо гьабиялъул тадбирал хӀадурулаго ва гьел тӀоритӀулаго жамгӀияб хӀинкъигьечӀолъи чӀезабиялда ва низам цӀуниялда хурхарал суалал.

Гьединго гьоркьоб лъуна терроралъулаб идеологиялде данде къеркьеялъул цо чанго тадбир гӀумруялде бахъинабиялъул ва гӀун бачӀунеб гӀелалда гьоркьоб профилактикияб хӀалтӀи щула гьабиялъул суалал.

Комиссиялъул гӀахьалчагӀаз бицана районалда терроризм ва экстремизм ккечӀого букӀиналъе гьабулеб бугеб хӀалтӀул хӀакъалъулъги. Хасго кӀвар кьун букӀана байрамалъул къоязда гӀадлу-низам цӀуниялде. Районалъул бетӀер Гъалип Гъалиповасги лъазабуна Бергьенлъиялъул къоялда хурхун тадбирал тӀоритӀиялда бан хӀинкъигьечӀолъи цӀуниялде кӀвар буссинабеян.

Данделъиялъул ахиралда къабул гьаруна рорхарал суалазда хурхарал хӀукмаби ва кьуна тӀадкъаял.

**«Гумбет» информациялъулаб гӀуцӀи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Бергьенлъиялъул къоялде хӀадурлъи, тӀабигӀияб газ бачин

### Анкьил хӀасилал гьаруна



**Бакълъулазул бетӀер Гъалип Гъалиповас тӀобитӀана хӀалуцарал муниципалиял суалал рорхараб данделъи. Гьеб тадбиралда гӀахьаллъи гьабуна районалъул бетӀерасул заместитель МухтарахӀмад АхӀмадовас, муниципалитеталъул депутатазул Собраниялъул председатель ГӀалихан ДавудхӀажиевас, идарабазулгун гӀуцӀабазул нухмалъулез ва хӀалтӀухъабаз.**

Дандеруссиналда гьоркьор лъун рукӀана лъим кӀанцӀиялъул хӀасилалда зарал ккараб ЦӀияб ЦӀиликь росдал гӀадамазе кумек гьабиялъул, мина-карталъул электронияб хъвай-хъвагӀай гьабиялъул, 9-леб маялъул байрамалде хӀадурлъиялъул, гӀемертӀалаял минабазда ругел квартирабазул бетӀергьанлъиялъул документал гьариялъул суалал.

Гьединал документал гьечӀолъиялъ гӀемерисеб мехалда коммуналиял хъулухъазде бухьен гьабизе ва хӀукуматалъул квербакъи щвеялъе захӀмалъаби лъугьунел рукӀиналъул бицана данделъиялда.

Гьединго гьоркьоб лъуна росабалъе, хасго Данухъ росулъе, тӀабигӀияб газ бачиналъул суалалги. Щибаб суалалда тӀасан гьабураб докладалъухъ гӀенеккана районалъул бетӀер ва данде кколел тӀадкъаял кьуна: тӀад лъурал масъалаби хехго тӀуразаризе ккеялда тӀадчӀей гьабуна, щибаб рахъалда хӀалтӀи щулалъизабиялде, тӀадкъаял тӀуразариялде жавабчилъиялъде ахӀана администрациялъул ва цогидал идарабазул вакилзаби.

**«Гумбет» информациялъулаб гӀуцӀи**

**НОМЕРАЛДА РУГО:**



ТӀолгороссиялъул субботникалъулъ гӀахьаллъана

- 2 гьум.



ЦӀилкьадерие кумек: депутатаз, цӀалдохъабаз квербакъана

- 2 гьум.



Ислам Базарганов – эркенаб гугариялъул рахъалъ Европаялъул чемпион

- 2- гьум.



ХӀажимирза ГӀабдулахӀидовасул чӀел

-3- гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.
Инхоса ПIали-ХIажи

№ 21 4 май 2026 с.

РАЦIЦIАЛЪИ – ИМАНАЛЪУЛ ЦО БУТIА

## ТIолгороссиялъул субботникалъулъ гIахьаллъана

### Сверухълъи къачIай – инсанасда рекъараб иш

**ТIолгороссиялъул рацI-цIа-ракъалъиялъул къоялъулъ гIахьаллъана бакълъулалги. Гьедин, муниципалитеталъул бетIерас, идарабазул вакилзабаз ва цогидаз свери-къоно бацIцIад гьабуна бакъвараб харидаса, кьщникъулалдаса.**





Росабалъ къватIал рацIцIад гьаруна, хIухь бахъиялъул ахал къачIана. Районалъул Централияб больницаялъул вакилзаби ЦIияб ЦIиликье щвана ва гьениб сверухълъи къачIазе кумек гьабуна.

МугIалимзабаз ва цIалдохъабаз школазул азбарал рацIцIана, жигараб гIахьаллъи гьабуна цIалул идараби ва сверухъ ругел бакIал лъикIлъизариялъулъ. Лъай кьеялъул хIалтIухъабаз квербакъана КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 81 сон тIубаялда цебе тIобитIулеб буге ТIолгороссиялъул субботникалъул къоялъ хIалтIи гьабизе.

Гьединго щибаб росулъ, хасаб кIвар кьун, рацIцIад гьаруна КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазул хIурматалда рарал памятниказул мухъ. ГIагараб ракь берцин гьабиялъулъ жигарго гIахьаллъана бакълъулал.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

ЧIАХЪАГИ САХАВАТАЛ

## ЦIилкьадерие кумек: депутатаз, цIалдохъабаз квербакъана

### Цолъи гъункаги

**Гьизилюрт шагьаралъул депутатазул Собраниялъул депутат ва сахаватчи ГIумар Къураевас кумек гьабуна лъеца кIудияб зарал гьабураб ЦIияб ЦIиликь росдае. Гьес 50 азарго шлакоблок кьуна гIадамазул рукъзал цIигьаризе кумек гьабизе.**



Къураевас Гьизилюрталъул кирпич къотIулеб заводалдаса 300 азаргоялдаса цIикIкIун кирпич битIана лъеца зарал гьабурал районазде ва шагьаразде. ЦIилкьадерие гIарцулаб кумек гьабуна «Стройконсалтинг» ОООялъул бетIерав директор Зубайир Камиловасги. Гьес техникаялдалъунги кумек гьабуна гьезие.

Ракьцоязе кумек гьабиялъулъ гьединго гIахьаллъана ЦIияб МелъелтIа росдал гьоркьохъеб школалъул анкьабилеб классалъул цIалдохъан Саидафанди Айтемировги. Жиндицаго бакIарараб 5400 гъурущ кьуна къварилъи ккаразе кумек гьабулеб фондалде.



Районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас, цIилкьадерица ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго рагIудальун, сурсатаздалъун ва цогидал рахъаздалъун кумекалъе ратаразе.

«Россиялъул батIи-батIиял регионаздаса гIадамазги гьабулеб буго бажараб кумек. Къварилъиялда ругезул хIажатал тIурай нилъеда тIадаб иш гьечIищха. Квербакъиялъе ратаразе, кумек гьабиялъулъ хIаракат бахъаразе гьарула щулияб сахлъигун халатаб гIумру, къварилъиялдаса цIуни ва рекIел мурадал тIурай», - ян абуна Гъалип Гъалиповас.

**Макка МухIамадова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БЕРГЬЕНЛЪАБИ

## Ислам Базарганов – эркенаб гугариялъул рахъалъ Европаялъул чемпион

### Шапакъатал цIикIкIаги

**Эркенаб гугариялъул рахъалъ Европаялъул чемпионлъун вахъана МелъелтIаса Ислам Базарганов. Къецал тIоритIана Албаниялъул тахшагьар Тираналда. Базарганов цеве вахъана 57 килограммалъул цIайиялда. Европаялъул чемпионаталда Азербайжаналъул тIаса бищараб командаялъул вакиллъун вукIана гьев. Финалалда бергьана Муса Мехтихановасдаса. Ислам Базарганов ккола М. Базаргановасул цIаралда бугеб спортивияб школалда куцарав спортсмен.**



Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас, ракьцояз Исламида баркулеб буго чемпионлъун вахьин. «РакI-ракIалъ баркула Ислам Базаргановасда бергьенлъи боси. Гьарула нахъеккунги тIоцебесеб кьерда вукIине щулияб сахлъи, икъбал ва сундулъго битIккей», - ян абуна Гъалиповас.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БЕРГЬЕНЛЪАБИ

## ХIажимирза ГIабдулахIидовасул чIел

### Меседил ва мазгарул медалазе мустахIикълъана

**Карачаево-Черкесиялда тIобитIана батIи-батIияб ригьалъул (2009–2018 соназда гьарурал) гIолохъабазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ рагьараб турнир. 51 кг цIайиялда тIоцебесеб бакI щвана МелъелтIа росулъа ХIажимирза ГIабдулахIидовасе. Гьединго, Хасавюрт шагьаралда тIобитIараб эркенаб гугариялъул рахъалъ рагьараб республикаялъулаб турниралда лъабабилеб бакIалъеги мустахIикълъана гьев.**



ГIабдулахIидовазул хъизамалда цохIо ХIажимирза гуро спортсмен. Гьесул кIудияв вац Алмасхан ГIабдулахIидовасулги руго гугариялъул рахъалъ кIудиял бергьенлъаби. Бакълъул мухъалда бугеб Россиялъул жанисел ишазул отделалъул вакил хIисабалда чанго къецазда тIоцересел ва призовиял бакIал росана.

Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас ХIажимирзада баркана къецазулъ лъикIал хIасилал рихьизари. «Дица баркула ХIажимирза ГIабдулахIидовасда бергьенлъи ва гьарула гьесие спорталъулъ, гIумруялъул киналго рахъаздаги церетIеял. Бергьенлъаби роси лъугьаги нужер хъизамалъул даимаб гIадатлъун», - ян абуна Гъалиповас.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов муниципального образования «Сельсовет «Арадирихский»» Гумбетовского района

РЕШЕНИЕ№3

от «04» марта 2025 г. с. Средний Арадирих

## «Об утверждении отчета об исполнении бюджета МО «Сельсовет «Арадирихский» за четвертый квартал 2025 год

**Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Федеральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ « Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом АСП «Сельсовет «Арадирихский», послушав доклад главы сельского поселения об исполнении бюджета МО «Сельсовет «Арадирихский» за четвертый квартал 2025год Собрание депутатов:**

РЕШАЕТ:

1.Утвердить отчет об исполнении бюджета МО «Сельсовет Арадирихский» Гумбетовского района за четвертый квартал 2025 год:

- по доходам в сумме 5113589 тыс. рублей согласно приложении №1 к настоя-щему решению

- по расходам в сумме 5906688 тысяча рублей согласно приложении №2 к настоящему решению.(источником финансирования дефицита бюджета 2024года яв-ляется остаток бюджетных средств 01.01.2025г -962507 тыс.руб)

2. Настоящее решение вступает в силу с момента принятия и подлежит офици-альному опубликованию в районной газете «Гумбет.

**Председатель сельского Собрания**
**Г. М. Алигаджиев**

**Приложение № 1 к решению Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет «Арадирихский»» от 04 марта 2025 года №3**

### Доходы бюджета сельского поселения «Сельсовет «Арадирихский»» за 4-й квартал 2025 года

| Наименование показателей | КОДЫ классификации доходов бюджетов | План на 2025 год | Фактически исполнено за 4-й кв. 2025 год | % исполнения |
|---|---|---|---|---|
| Налог на доходы физических лиц | 18210102010011000110 | 44,0 | 50,8 | 115,5 |
| Налог на имущество физических лиц | 18210601030101000110 | 19,0 | 16,3 | 85,8 |
| Единый сельскохоналог | 18210503010011000110 | 0,0 | | |
| Земельный налог(пп1п1ст394) | 18210606033101000110 | 21,0 | 41,7 | 198,6 |
| Пения на земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033102100110 | | | #### |
| Земельный налог (пп2п1ст394) | 18210606043101000110 | 0,0 | 8,8 | #### |
| Неналоговые доходы | 18210904053101000110 | | | |
| ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ | | 84,0 | 117,6 | 140,0 |
| БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ | | 3148,7 | 3148,1 | 100,0 |
| Дотация сельскому поселению из ФФПП | 00120201001100000150 | 2940,6 | 2940,0 | 100,0 |
| Субсидии в.т числе | | 0,0 | 0,0 | #### |
| Субсидии бюджетам поселений на строительство модернизацию, ремонт и содержани автомобильных дорог общего пользования | 00120202041100000150 | 1400,0 | 1400,0 | 100,0 |
| Инные межбюджетные трансферты в т.ч. средства бюджетам поселений на выполнения переданных полномочий | 00120204014100000150 | 447,9 | 447,9 | 100,0 |
| Субсидии | 00120215009100000150 | | | |
| Субвенции | | 208,1 | 208,1 | 100,0 |
| | в том числе | | | |
| Выполнение полномочий по первичному воинскому учету на территориях, где отсуствуют военные комиссариаты (ВУС) | 00120203015100000150 | 208,1 | 208,1 | 100,0 |
| | | 0,0 | 0,0 | |
| **ВСЕГО ДОХОДОВ** | | **5080,6** | **5113,6** | **100,6** |

**Приложение №2 к решению Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет «Арадирихский»» за третий квартал 2025 года от 04 марта 2025 год №3**

### Исполнение бюджета по расходам сельского поселения «Сельсовет «Арадирихский за четвертый квартал 2025 года

| Наименование | адм. | Рз | ПР | ЦСР | Лимит бюджетных обязательств на 2025 год | Кассо вые выплаты за 4-кв 2025 год | % выпол нения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **ВСЕГО** | | | | | **3231,3** | **5906,7** | **182,8** |
| **Общегосударственные вопросы** | **001** | **01** | **00** | | **1870,6** | **2427,4** | **129,8** |
| Функционирование Правительства РФ, высших исполнительных органов госуд.власти субъектов РФ, местных администраций | 001 | 01 | 04 | 9900010040 | 1870,6 | 2427,4 | 129,8 |
| **Национальная оборона** | **001** | **02** | **00** | | **206,7** | **208,1** | **100,7** |
| Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС) | 001 | 02 | 03 | 9980051180 | 206,7 | 208,1 | 100,7 |
| **Национальная экономика** | **001** | **04** | **00** | | **0,0** | **1221,7** | ###### |

**(Продолжение - на 4 стр.)**

(Начало- на 3 стр.)

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Дорожный фонд (возврат) | 001 | 04 | 09 | 9900040200 | 0,0 | 1221,7 | ###### |
| **Жилищно-коммунальное хозяйство** | ***001*** | ***05*** | ***00*** | | **188,0** | **713,0** | **379,3** |
| Благоустройство | *001* | *05* | *03* | *9900040010* | 188,0 | 713,0 | 379,3 |
| **Культура и кинематография** | ***001*** | ***08*** | ***00*** | | **882,0** | **1048,5** | **118,9** |
| *Культурно- досуговый центр* | *001* | *08* | *01* | *9900080010* | 882,0 | 1048,5 | 118,9 |
| **Социальная поллитика** | ***001*** | ***10*** | ***00*** | | **84,0** | **48,1** | 57,3 |
| Пенсионное обеспечение (доплата к пенсии) | *001* | *10* | *01* | *9900090010* | 84,0 | 48,1 | 57,3 |
| **Физкультура и спорт** | ***001*** | ***11*** | ***02*** | ***9900090100*** | **0,0** | **0,0** | ###### |
| **Молодежная политика** | 001 | 07 | 07 | 9900070050 | **0,0** | **0,0** | ###### |
| **Выборы ОМС** | 001 | 01 | 07 | 9900010050 | | 239,9 | |

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Килятль»

### Решение № 9

**14.04.2026 г.** **с. Килятль**

**В соответствии с федеральным законодательством о местном самоуправлении и Уставом муниципального образования «Село Килятль» Собрание депутатов сельского поселения «Село Килятль» решило:**

1. По результатам голосования Признать Магомедова Абдурашида Рамазановича избранным главой муниципального образования «Село Килятль» Гумбетовского района Республики Дагестан.
2. Избранный глава муниципального образования «Село Килятль» Гумбетовского района Республики Дагестан официально вступает на должность с момента избрания.
3. Настоящее решение опубликовать путем размещения на официальном сайте органа местного самоуправления в сети интернет и путем размещения в районной газете «Гумбет».

**Председатель Собрания депутатов СП «Село Килятль»**
**А.Т. Каримов**

СТРАНА ГОР

## Дагестанцы сократили начисления за газ

**Благодаря улучшению дисциплины потребителей газа по передаче показаний со счётчиков, в республике складывается тенденция по снижению объёмов нормативных начислений за газ. За последние три года в Дагестане отмечают сокращение объёма нормативных начислений на более чем 1,3 млрд куб. м.**

Такая положительная динамика сложилась по нескольким факторам. Одним из ключевых является активизация населения по использованию «Личного кабинета» абонента» и мобильных приложений «Мой газ» и «Газ Онлайн». Ежемесячно занося показания со счётчика, абонент убеждается в том, что расчёты за газ прозрачные, полностью соответствуют фактически потреблённым объемам газа.

Помимо «Личного кабинета» в «Газпром межрегионгаз Махачкала» активно внедряют еще один удобный цифровой сервис – «Газфотоконтроль». С помощью «Газфотоконтроль» абоненты отправляют отправить фото своего счётчика с показаниями поставщику газа. Оба сервиса позволяют передавать показания без необходимости посещения абонентского пункта и без привлечения контролера газового хозяйства.

Поставщик газа в республике Дагестан напоминает, что если абонент не передает показания регулярно, то начисление объемов потребленного газа производится по нормативу. Таким образом у недисциплинированных потребителей газа со временем появляются шестизначные суммы в квитанциях. Для корректных начислений по прибору учета передавать показания счетчика необходимо ежемесячно в период с 23 по 25 число, контролировать работоспособность своего прибора учета газа и письменным заявлением приглашать контролера газового хозяйства для снятия контрольных показаний со счетчика, которые станут основанием для дальнейшего перерасчёта накопившейся задолженности.

Для всех возникающих вопросов в «Газпром межрегионгаз Махачкала» работают специалисты по многоканальному номеру 8-800-200-98-04.

ХIАРАКАТАЛЪУЛЪ – БАРАКАТ

## «Россиялъул лъагIалил тарбиячи – 2026»

### Мадина Саидовалъги лъикIал хIасилал рихьизаруна

**МахIачхъалаялда лъугIана «Россиялъул лъагIалил тарбиячи – 2026» ТIолгороссиялъул махщалил къецазул республикаялъулаб бутIа. ГIахьалчагIаз бихьизабуна гьанжесел къагIидабазда дарсал кьезе жидерго бугеб гьунар. «Профессиялде инновационияб бербалагьи» абураб номинациялда бергьана МелъелтIа росдал «Бакъ» лъималазул ахалъул тарбиячIужу Мадина Саидова.**



Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас ва гьелъул коллективалъ баркана Саидовалда республикаялъулаб къецалда щварал бергьенлъаби. «Баркула Мадина Саидовалда гьадинаб къадруяб шапакъат щвей. Дур бергьенлъи ккола захIматаб хIалтIи жавабчилъиялда тIубаялъул хIасил. Гьарула нахъеккунги чIахIиял бергьенлъаби. Бакълъул районалъул цIиял гIелал куцаялъулъ къиматаб лъалкI тезе бажараги»,- ян абуна Гъалиповас.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

**Аттестат об основном общем образовании серии 0051800 № 1344834, выданный 03.07.2017 г. МКОУ «Ново-Аргванинская средняя общеобразовательная школа» на имя Магомедова Раджаба Исмаиловича, считать недействительным в связи с утерей.**

**Аттестат 0051800 №1606811, выданный на имя Абдулатипова Салимхана Абдулатиповича от 25.06.2018 г. Чиркатинской средней общеобразовательной школой, считать недействительным в связи с утерей.**

БАКЪЛЪУЛАЛ ВА СПОРТ

## Набигула Астимиров гIарцул медалалъе мустахIикълъана

**Москваялда тIобитIана эркенаб гугариялъул рахъалъ Россиялъул студентазул чемпионат, гьенир данделъана улкаялъул вузаздаса 450-ялдаса цIикIкIун спортсменал. Къецазда жиндирго цIайиялда гIарцул медаль босана МелъелтIаса Набигула Астимировас.**



Бакълъул районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас спортсменасда баркана Россиялъул чемпионаталда призовияб бакI щвей, гьарана нахъеккунги спорталъулъ ва гIумрудулъ церетIеял.

**Макка МухIамадова**

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъорк
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.